

# Keys AHEC Health Centers

SANT MEDIKAL LEKÒL

Chè Paran/ Gadyen, Keys AHEC fyè pou l anonse kapasite a pou l bay yon Sant Medikal Swen Prensipal nan 10 lokal lekòl piblik Konte Monroe.

SANT SANTE KEYS AHEC pral ofri sèvis swen prensipal debaz ki genyen ladan yo: tchèkòp fizikal pou lekòl ak espò, jesyon maladi kwonik ak preskripsyon. Tout sèvis sa yo bay timoun ki enskri nan Lekòl Leta Piblik Konte Monroe yo gratis. Pa gen okenn frè oswa ko-peman; sepandan, Keys AHEC ka mande peman nan men konpayi asirans yo, kote sa aplikab.

Tout sèvis yo mande konsantman paran yo. Si w ta vle pitit ou a resevwa sèvis sante klinik lè yo bezwen yo, ou dwe siyen Fòm Konsantman Jeneral pou Tretman Klinik la. Tanpri ranpli tout seksyon yo ak enfòmasyon yo mande yo. Paran oswa gadyen legal timoun nan dwe siyen epi mete dat la sou fòm Konsantman Jeneral pou Tretman Klinik la. Si w bezwen èd pou w jwenn yon doktè swen prensipal, tanpri fè ekip sante lekòl ou a konnen epi yon manm pèsonèl la ap kontan ede w.

Li enpòtan pou w retounen Fòm Konsantman Jeneral pou Tretman Klinik la ki fin ranpli e siyen voye ale lekòl oswa pwofesè timoun nan pi vit posib. Sa ap asire pitit ou a kapab resevwa sèvis lè l bezwen yo e san pèdi tan.

Aprè lekòl la resevwa Fòm Konsantman Jeneral pou Tretman Klinik la ki siyen an, y ap pèmèt pitit ou a resevwa sèvis swen sante deziyen yo nan men SANT SANTE KEYS AHEC. Tanpri kontakte Biwo Administratif Klinik Medikal Lekòl la nan: 305-743-7111 X 210 pou nenpòt kesyon ou ka genyen a.

Sensèman,

*Michael Cunningham*

Michael Cunningham  
Direktè jeneral konpayi Keys AHEC

# Keys AHEC Health Centers

Atansyon svp Pasyan Asirans nou yo

Pandan ke Sant Sante Keys AHEC ka mande peman nan men konpayi asirans ou a, PA gen dediktib, ko-asirans, kopeman, oswa frè ki sanble oswa nenpòt lòt frè ki soti nan pòch ou ke yo pral mande ou kòm pasyan nou an.

Sepandan, nan non konpayi asirans ou a ou ka resevwa:

Yon eksplikasyon sou benefis yo (souvan refere kòm yon fòm EOB) ki se yon deklarasyon konpayi asirans sante w voye w pou eksplike ki tretman medikal ak/oswa sèvis yo te peye pou ou.

Ou ka resevwa tou enfòmasyon sou dediktib ou ki se kantite lajan ou ta tipikman gen pou peye ki soti nan pòch ou pou depans anvan konpayi asirans ou a pral kouvri depans ki rete yo.

Paske Keys AHEC anile tout depans ki soti nan pòch ou yo

OU PA RESPONSAB POU SA A OSWA OKENN LÒT FRÈ.

# Keys AHEC Health Centers

## DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL

~~OTORIZE~~ OTORIZE SANT MEDIKAL Keys AHEC pou divilge

enfòmasyon konsènan tretman bay twazyèm pati ki fè peyman yo nan bi pou voye fakti.

Pa siyati mwen anba a, mwen sètifye mwen konprann sa ki ladann ak espesifikasyon nan fòm sa a, ke mwen te li oswa moun te li pou mwen.

Siyati paran/gadyen/ pasyan \_\_\_\_\_ Dat : \_\_\_\_\_

## KONSANTMAN JENERAL POU FÒM TRETMAN KLINIK

Lè mwen siyen pi ba a, mwen dakò ak otorize Sant Sante Keys AHEC yo, ak pèsonèl medikal li yo, pou yo fè sèvis klinik medikal ak tretman pou Elèv yo nonmen anlè a, ki gen ladan nenpòt tès laboratwa, oswa tretman ki nan jijman yo ka konsidere nesèsè.

Mwen konprann rezilta enfòmasyon medikal yo jwenn pandan pitit mwen an ap resevwa tretman nan SANT SANTE yo konfidansyèl epi yo pap divilge pèsonn san pèmision alekri mwen oswa yon òdonans tribinal jan lwa federal ak lwa leta aplikab egzije sa. Mwen konprann ke lwa Florid mande Keys AHEC pou bay Depatman Sante yon rapò sou moun ki dyagnostike ak maladi kontajye yo. Se poutèt sa, mwen otorize Keys AHEC pou rapòte bay Depatman Sante chak fwa yo dyagnostike pitit mwen an gen yon maladi kontajye. Anplis de sa, mwen konprann yo pral fè konnen pitit mwen an ak/oswa mwen menm untèl dyagnostik. San notifikasyon alekri pou m chanje preferans mwen anrapò ak tretman pitit mwen an, mwen konprann konsantman sa a ekspire nan dat pitit mwen an pa enskri nan lekòl la ankò.

Mwen dakò pou itilize ak divilge enfòmasyon medikal yo jan sa nesèsè pou tretman, peman, ak operasyon swen sante nan Keys AHEC, ki gen ladan founisè tretman an, garanti kont yo, oswa yon twazyèm pati ki fe peman ke mwen te asiyen benefis oswa ki otreman ka ranbouse pou yo bay sèvis yo, epi si yo mande doktè prensipal mwen an oswa nenpòt lòt founisè swen sante pou rezon kontinuite swen.

Siyati paran/gadyen/ pasyan \_\_\_\_\_ Dat : \_\_\_\_\_

## AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE SANT SANTE KEYS AHEC

Mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite SANT SANTE KEYS AHEC pou lekòl pitit mwen (gade dèyè 3 paj ki tache)

Siyati paran/gadyen/ pasyan \_\_\_\_\_ Dat : \_\_\_\_\_

## GADYEN

Mwen, \_\_\_\_\_ gen rapò fanmi ak timoun nan \_\_\_\_\_ epi mwen gen otorizasyon legal pou m siyen dokiman sa a.

Siyati Gadyen \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

# Keys AHEC Health Centers

Patient Information/ Información del Paciente/Enfòmasyon sou Pasyan an: \_\_\_\_\_

_____	_____
Patient's Name/Nombre del Paciente/Non Pasyan an	Date of Birth/Fecha de Nacimiento/Dat nesans

Sex/Sexo/Sèks:  Male/Hombre/Gason  Female/Mujer/Fi

_____	_____
Address/Dirección/Adrès	City/Ciudad/Vil

_____	_____
Zip/Código Postal/Kòd Postal	Email/Correo Electronico/Imel

_____	_____
Home Phone/Teléfono de Casa/Telefòn Lakay	Cell Phone/Teléfono Móvil/Telefòn Selilè

_____	_____
Patient's SSN/Numero de Seguro Social del Paciente/SSN Pasyan an	Race/Raza/Ras

_____	_____
School Attending/Escuela a la que Asistio/Lekòl li	Ethnicity/Etnicidad/Etnisite

_____	_____
Primary Language/Idioma Principal/Lang Prensipal	Grade/Grado/Ane

Parent-Guardian Information/Información de los Padres-Guardian/Enfòmasyon sou Paran-Gadyen:	
_____	_____
Mother/Madre/Manman	Phone/Teléfono/Telefòn
_____	_____
Father/Padre/Papa	Phone/Teléfono/Telefòn
<a href="#">OR/O/OSWA</a>	
_____	_____
Guardian/Guardián/Gadyen Legal	Phone/Teléfono/Telefòn

_____	_____
Emergency Contact/Contacto de Emergencia/Kontak Ijans	Phone/Teléfono/Telefòn

Insurance Information/Informacion del Seguro/Enfòmasyon sou Asirans	
_____	<input type="checkbox"/> Medicaid
Insurance Name/Nombre del Seguro/Non Asirans	
_____	<a href="#">OR</a>
Policy #/Politica #/Règleman #	<input type="checkbox"/> I have no insurance.
_____	<a href="#">O</a> <input type="checkbox"/> No tengo seguro.
Group #/Grupo #/Gwoup #	<a href="#">OSWA</a> <input type="checkbox"/> Mwen pa gen asirans.
_____	
Name of Policy Holder/Nombre del Titular de la Poliza/Non Moun ki gen Asirans	

I need assistance in obtaining insurance for my child. Necesito ayda para obtener un seguro para mi hijo. Mwen bezwen asistans pou jwenn asirans pou pitit mwen an.	<input type="checkbox"/> Yes/Sí/Wi <input type="checkbox"/> No/Non
---	--

# Keys AHEC Health Centers

Patient's Name/Nombre del Paciente/Non Pasyan an _____	Date of Birth/Fecha de Nacimiento/Dat Nesans _____
--	--

Family Doctor Name/Nombre del Médico de Familia/Non Dokte Fanmi a \_\_\_\_\_ OR  
O  None/Ninguno/Oken  
OSWA

<u>Medical History/Historial Médico/Istwa Medikal</u>	
Current Medications/Medicamentos y Suplementos/Medikaman ak Sipleman: _____	OR O <input type="checkbox"/> None/Ninguno/Oken OSWA
Allergies & Reactions/Alergias y Reacciones/Alèji ak Reyaksyon: _____	OR O <input type="checkbox"/> None/Ninguno/Oken OSWA
Surgeries/Cirugías/Operasyon yo: _____	OR O <input type="checkbox"/> None/Ninguno/Oken OSWA
Hospitalizations/Hospitalizaciones/Entène lopital: _____	OR O <input type="checkbox"/> None/Ninguno/Oken OSWA

Chronic Medical Conditions/Condiciones Médicas Crónicas/Kondisyon Medikal Kwonik:  
(Mark all that apply/Marque Todo lo que Corresponda/Make Tout sa ki Aplike)

	Patient Paciente Pasyan	Parent Madre/Padre Paran	Grandparent Abuelo/Abuela Granparan
Alcoholism/Alcoholismo/Tafyatè			
Asthma/Asma/Opresyon			
Cancer/Cáncer/Kansè			
Depression/Depresión/Depresyon			
Diabetes/Dyabèt			
Heart Attack/Infarto de Miocardio/Atak Kè			
Heart Disease/Enfermedad del Corazón/Maladi Kè			
Heart Murmur/Soplo Cardíaco/Kè ki pat bat nòmal			
High Blood Pressure/Alta Presión Sanguinea/Tasyon wo			
High Cholesterol/Colesterol Alto/Kolestewòl wo			
Kidney Disease/Enfermedad del Riñon/Maladi Ren			
Seizures/Convulsiones/Kriz			
Sickle Cell Disease/Enfermedad Drepanocito/Maladi Drépanocytose			
Thyroid Disease/Enfermedad de Tiroides/Maladi Tiwoyid			
Tuberculosis/Tibèkiloz			
Other/Otra/Lòt: _____			
Other/Otra/Lòt: _____			

# Keys AHEC Health Centers



## AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE AVI SA A DEKRI KI JAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU YO KAPAB ITILIZE AK DIVILE AK KI JAN OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI REVIZE L AK ANPIL ATANSYON.

### ITILIZE AK DIVILGASYON ENFÒMASYON SANTE OU KI PWOTEJE

Enfòmasyon sou sante ki pwoteje gen ladan enfòmasyon demografik ak medikal ki konsène sante fizik oswa mantal yon moun nan pase, prezan oswa fiti. Enfòmasyon demografik yo ka gen ladan non, adrès, nimewo telefòn ou, nimewo sekirite sosyal ak nenpòt lòt mwayen pou idantifye w kòm yon moun espesifik. Enfòmasyon sou sante ki pwoteje gen enfòmasyon espesifik ki idantifye yon moun oswa ki ka itilize pou idantifye yon moun.

Enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo se enfòmasyon sou sante yon founisè swen sante, yon plan sante, yon anplwayè oswa yon ajans enfòmasyon sou swen sante ki kreye oswa resevwa l. Depatman Sante kapab ajè kòm chak nan kalite biznis ki anwo yo. Depatman Sante itilize enfòmasyon medikal sa yo nan plizyè fason pandan y ap fè aktivite biznis nòmal.

Depatman Sante kapab itilize oswa divilge enfòmasyon ki pwoteje sou sante w pou rezon tretman, peman, ak operasyon swen sante. *Pwofesyonèl swen sante yo itilize enfòmasyon medikal nan klinik yo oswa lopital pou pran swen ou. Yo ka pataje enfòmasyon sante ou ki pwoteje, avèk oswa san konsantman ou, ak yon lòt founisè swen sante pou rezon tretman ou. Depatman Sante ka itilize oswa divilge enfòmasyon sante w pou jere ka ak sèvis yo. Klinik oswa lopital Depatman Sante a ka voye enfòmasyon medikal yo bay konpayi asirans, Medicaid, oswa ajans kominotè pou peye pou sèvis yo ba ou yo.*

Sèten pèsonèl depatman an ka itilize enfòmasyon w yo pou amelyore operasyon swen sante depatman an. Depatman lan ka voye ba w rapèl randevou, enfòmasyon sou opsyon tretman yo oswa lòt avantaj ak sèvis sante ki asosye yo.

Gen kèk enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo ka divilge san otorizasyon ou alekri jan lalwa pèmèt. Sikonstans sa yo enkli:

- Rapòte abi sou timoun, granmoun, oswa moun ki andikape
- Envestigasyon ki gen rapò ak yon timoun ki disparèt
- Ankèt entèn ak odit pa divizyon, biwo, ak biwo lokal depatman an
- Envestigasyon ak odit pa Enspektè Jeneral ak Oditè Jeneral eta a, ak Biwo Lejislatif
- Analiz Politik Pwogram yo ak Responsablite Gouvènman an.
- Objektif sante piblik, ki gen ladan estatistik vital, rapò maladi, siveyans sante piblik, envestigasyon, entèvansyon, ak règleman pwofesyonèl sante yo.
- Ankèt egzaminatè medikal distri a
- Rechèch ki apwouve pa depatman an
- Lòd tribinal, manda, oswa sitasyon
- Rezon ki fè respekte lalwa, envestigasyon administratif, ak pwosedi jidisyè ak administratif

Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante ou ki pwoteje pa depatman an ap mande otorizasyon ou alekri. Otorizasyon sa a pral gen yon dat ekspirasyon ou ka anile alekri. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo ka pou fè maketing ak pou rezon rechèch, sèten itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapis yo, ak lavant enfòmasyon sante pwoteje ki peye a Depatman Sante a.

# Keys AHEC Health Centers

## DWA ENDIVIDYÈL

Ou gen dwa pou mande Depatman Sante limite itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante ou ki pwoteje pou fè tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Ou kapab tou limite divilgasyon bay moun ki enplike nan swen ou. Depatman an pa oblije dakò ak okenn restriksyon. Sepandan, nan sitiyasyon kote oumenm oswa yon moun nan non w peye pou yon atik oswa sèvis nèt, epi ou mande enfòmasyon konsènan atik oswa sèvis sa a pa divilge bay yon konpayi asirans, Depatman an ap dakò ak restriksyon ou mande a.

Ou gen dwa pou asire w ke enfòmasyon ou yo pral rete konfidansyèl. Depatman Sante a pral pran kontak avèk ou nan fason ak nan adrès oswa nimewo telefòn ou chwazi a. Yo ka mande w pou mete demann ou an alekri. Si w responsab pou peye sèvis yo, ou gendwa bay yon lòt adrès ki pa rezidans ou kote ou ka resevwa lapòs ak kote nou ka kontakte w.

Ou gen dwa pou enspekte epi resevwa yon kopi enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Yo pral sipèvize enspeksyon w nan enfòmasyon yo nan yon lè ak yon kote ki fikse. Yo ka refize w aksè jan lalwa espesifye. Si yo refize aksè, ou gen dwa pou mande yon revizyon pa yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans ki pa t patisipe nan desizyon an pou refize aksè. Depatman an ap deziyen pwofesyonèl swen sante ki gen lisans sa a.

Ou gen dwa pou korije enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Demann ou pou korije enfòmasyon ki pwoteje sou sante w yo dwe alekri epi li dwe bay yon rezon pou sipòte koreksyon w mande yo la. Depatman Sante ka refize demann ou an, an antye oswa an pati, si li jwenn enfòmasyon sante ki pwoteje yo:

- Depatman an pa te kreye l
- Se pa enfòmasyon sante ki pwoteje
- Lalwa pa fè li disponib pou enspeksyon ou
- Se egzat ak konplè

Si yo aksepte koreksyon w la, depatman an ap fè koreksyon an epi di w ak lòt moun ki bezwen konnen koreksyon an. Si yo refize demann ou a, ou ka voye yon lèt ki detaye rezon ki fè ou pa dakò ak desizyon an. Depatman an pral reponn lèt ou a alekri. Ou ka depoze yon plent tou, jan sa dekri pi ba a nan seksyon ki rele Plent yo.

Ou gen dwa pou resevwa yon rezime sou sèten divilgasyon Depatman Sante ka fè sou enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Rezime sa a pa enkli:

- Divilgasyon yo fè ba ou
- Divilgasyon bay moun ki enplike nan swen ou
- Divilgasyon ou otorize
- Divilgasyon yo te fè pou fè tretman, peman, ak operasyon swen sante
- Divilgasyon pou sante piblik
- Divilgasyon pou rezon regilasyon pwofesyonèl sante
- Divilgasyon pou rapòte abi sou timoun, granmoun oswa andikape
- Divilgasyon anvan 14 avril 2003

Rezime sa a gen ladann divilgasyon ki fèt pou:

- Objektif rechèch, apa sa ou otorize alekri
- Repons a òdonans tribinal, sitasyon oswa manda

# Keys AHEC Health Centers

Ou ka mande yon rezime pou yon peryòd pa plis pase 6 ane apati dat demann ou an. Si w te resevwa Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a elektwonikman, ou gen dwa pou w jwenn yon kopi sou papye si w mande yo. Depatman Sante ka pa lapòs oswa rele w pou sonje w randevou pou swen sante.

## DEVWA DEPATMAN SANTE

Lalwa egzije Depatman Sante pou l kenbe enfòmasyon sante ki pwoteje w prive. Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a di w kijan yo ka itilize enfòmasyon ki pwoteje sou sante w yo ak fason depatman an kenbe enfòmasyon w yo prive epi konfidansyèl. Avi sa a eksplike devwa legal ak pratik ki gen rapò ak enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Depatman an gen responsablite pou notifiye w apre yon vyolasyon enfòmasyon sante ki pwoteje ou ki pa gen sekirite.

Kòm yon pati nan devwa legal depatman an dwe ba ou Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Depatman an oblije suiv kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite ki anvigè kounye a. Depatman Sante ka chanje kondisyon avi li a. Chanjman an, si li fèt, pral anvigè pou tout enfòmasyon sante pwoteje ke li kenbe. Avi nouvo oswa revize sou pratik konfidansyalite yo pral afiche sou sitwèb Depatman Sante a nan [www.myflorida.com](http://www.myflorida.com) epi yo pral disponib pa imel ak nan tout bilding Depatman Sante. Gen lòt dokiman ki disponib tou ki eksplike dwa w genyen pou w enspekte, kopye ak amande enfòmasyon ki pwoteje sou sante w.

## PLENT YO

Si ou kwè yo te vyole dwa sante konfidansyalite ou, ou ka pote yon plent nan: Enspektè Jeneral Depatman Sante nan 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399-1704/ telefòn 850-245- 4141 ak Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini nan 200 Independence Avenue, SW/ Washington, DC 20201/ telefòn 202-619-0257 oswa nimewo gratis 877-696-6775.

Plent lan dwe fèt alekri, dekri zak oswa omisyon ke ou kwè vyole dwa konfidansyalite ou, epi li dwe depoze nan 180 jou apre ou te konnen oswa te dwe konnen zak oswa omisyon an te fèt. Depatman Sante pap pran revanj kont ou paske w depoze yon plent.

## POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

Demann pou jwenn plis enfòmasyon sou zafè ki kouvri nan avi sa a ka mande nan men moun ki te ba w avi a, bay direktè oswa administratè etablisman Depatman Sante kote ou te resevwa avi a, oswa bay Enspektè Jeneral Depatman Sante a nan 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399- 1704/ telefòn 850-245-4141.

## DAT SA KOMANSE ANVIGÈ

Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a anvigè apati 1ye jiyè 2013, epi l ap anvigè jiskaske yon nouvo Avi sou Pratik Konfidansyalite yo apwouve epi afiche.

## REFERANS

“Standards for the Privacy of Individually Identifiable Health Information; (Estanda pou Konfidansyalite sou Enfòmasyon Sante ki ka Idantifye yon moun) Règ final.” 45 CFR Pati 160 jiska 164. *Rejis Federal* 65, non. 250 (28 desanm 2000). “Standards for the Privacy of Endividually Identifiable Health Information; (Estanda pou Konfidansyalite sou Enfòmasyon Sante ki ka Idantifye yon moun) Règ Final” 45 CFR Pati 160 jiska 164. *Rejis Federal*, Volim 67 (14 out 2002). HHS, Modifikasyon nan Règ sou notifikasyon violasyon, ranfòman, sekirite, enfòmasyon prive HIPAA dapre Lwa sou Teknoloji Enfòmasyon sou Sante pou Sante Ekonomik ak Klinik ak Lwa sou Enfòmasyon Jenetik ak Non-Diskriminasyon; Lòt Modifikasyon nan Règ HIPAA yo, 78 Fed. Reg. 5566 (25 janvyè 2013).